# ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ

## «АЛПАМЫС» ДӘСТАНЫНЫҢ ӨГИЗ ЖЫРАЎ ВАРИАНТЫНА 90 ЖЫЛ

***Турдымуратова А.Б.***
*Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Өзбек тили, әдебияты ҳәм фольклоры институтының таяныш докторанты*

**Таянч сӯзлар:** версия, вариант, достон, образ, қаҳармон, жанр, тадқиқот, жиров.
**Ключевые слова:** версия, вариант, эпос, образ, герой, жанр, изучение, сказитель.
**Key words:** version, variant, epic, image, hero, genre, research, jiraw.

«Алпамыс» дәстаны түркий халықлардың бурыннан мийрас руўхый мүлки сыпатында түрки тиллес халықлар фольклорының көпшилигинде орын алған. Оның сюжетлеринде ҳәр қыйлы тарийхый-жәмийетлик дәуирлердиң излери сәўлеленген, қарақалпақ халқы сүйип тыңлайтуғын дәстан болып, нешше әсирлерден бери жыраўлар тәрепинен атқарылып келмекте. Ҳәр бир халықтың өзине тән болған миллий өзгешеликлери, дүньяға көз қараслары, арзыў-әрманлары дараланып туратуғыныңдай, ең көп версиялы дәстан болған «Алпамыс» өзиниң көлемлик мазмуны ҳәм көркемлилик жағынан түрли сыпатламаларға ийе. Қарақалпақ халық қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў (Хожамберген Нияз улы)дан жазып алынған варианты илимпазлар тәрепинен көп изертленген вариантлардан болып табылады.

Өгиз жыраў 1884 жылы Шымбай қаласының арқа тәрепиндеги, Кегейли арнасының аяғында жайласқан «Қайшылы» деген аўылда дүньяға келген. Хорезмниң «Қызыл сары» Қыпшақ, Маңғыт, Гүрлен, Ургенч әтирапларында жыраўшылық етеди. Оның жырлаған «Алпамыс» дәстанын Хорезмдеги өзбеклер туркменлер, қазақлар ҳәм қарақалпақлар сүйип тыңлаған. Ол өзиниң заманласлары Есемурат жыраў, Қыяс жыраўлар менен жийи-жийи ушырасып турған. 1939-жылы бул үш жыраў Қарақалпақстанның пайтахты Төрткул қаласына шақыртылып, республикалық олимпиядаға қатнасады. Кейин Москвадағы халық творчествосы үйиниң шақырыўы

бойынша Москва қаласына барып өз миллий жыраўшылық өнерлерин көрсетип қайтты. Усындай мағлыўматлардың даўамында Қ. Айымбетов «Өгиз жыраў «Алпамыс» дәстанын толық айтатуғын жыраўлардың бири болып танылады. Мине сонлықтан «Алпамыс» дәстаны «Өгиз жыраўдың аўзынан жазылып алынып 1937-жылы Москвадағы көркем әдебият баспасы тәрепинен бастырылып шығарылды. «Алпамыс» тың бул варианты 1941-жылы Самарқанд қаласында және бир рет басылып шықты» деп өзи ислеген жумыслар туўралы мәлимлемелер береди. Дәстан 1941-жылы Ташкент-Төрткул қалаларында жазыўшы Ә. Шамуратовтың таярлаўында қайта басылды деген де мағлыўмат бар. Буннан кейин усы вариант 1981-жылы Қ.Байниязов ҳәм Н.Айымбетовлардың таярлаўында қарақалпақ фольклорының 20 томлығында VII-том болып жарық көрди. Усы нусқа 1990-жылы жаңадан жарық көрди. 1995-жылы қарақалпақ фольклорының 5 томлығына киргизилди. 2007-жылы қарақалпақ фольклоры көп томлығының (100 томлық) биринши китабынан «Алпамыс» дәстанының сегиз варианты орын алды. Солардың биринши томы Өгиз жыраў варианты болып табылады.

«Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў (Хожамберген Нияз улы) варианты 1934-жылы Қ. Айымбетов тәрепинен жазылып алынған, жыраўлардан дәстанларды жазып алыўдағы дәслепки басламалардың бири ҳәм бүгинги күнге шекем алымлар тәрепинен қызығыўшылық туўдырып келген дәстанлардан болып есапланады.

«Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў (Хожамберген Нияз улы) варианты бойынша Нәжим Дәўқараев «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» атлы мийнетинде «Алпамыс» дәстаны бойынша анализге Өгиз жыраў вариантын алып, «Бизиң изертлеўлеримиз Қаллы Айымбетовтың жазып алып бастырып шығарған вариантлары бойынша болмақшы. Себеби бул вариант басқа вариантлардың барлығынан толығырақ.» деп көрсетип өтеди. Алым және де «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў (Хожамберген Нияз улы) вариантының Жийемурат Бекмухамедовтан жазып алған варианттан Қ. Айымбетов жазып алған вариантлардың қурылысында, мазмунында ҳешқандай өзгешелик жоқ салыстырып кетеди.

Дәстанды анализлеў барысында болса Н. Дәўқараев оның көркемлиги туўралы төмендеги пикирлерди келтиреди: «Поэманың тили көркем, оғада бай. Онда не бир сулыў теңеўлер, аўыстырыўлар, кейиплеўлер, әсерлеўлер, бейнелеўлер ушырасады. Поэмада оғада келисимли нақыллар, мақаллар, терең мәнили өткир сөзлер оғада шеберлик пенен көп қол-

ланылған. Соның менен қатар халықтын әдет-үрпи, салт-санасы, өмир тиришилиги» поэмада кең көрсетиледи ҳәм шынлыққа оғада жақын»

И.Сағитов 1957-жылы «Шарқ юлдузи» журналының 2-санында «Қорақалпоқ халқ эпоси «Алпомис»га характеристика» мақаласында қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс»тың вариантлары ҳәм соның ишинде Өгиз жыраў вариантына өз алдына тоқтап өтеди. Илимпаздың «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы» деген илимий монографиясының бир бөлими «Алпамыс» дәстанын үйрениўге қаратылған излениўлерден ибарат болып табылады.

«Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў (Хожамберген Нияз улы) варианты бойынша изертлеген илимпазлардан Қ.Мақсетов , С.Бахадырова , Ж.Хошниязовлар болып, дәстанның сюжетлик қурылысы, көркемлик өзгешелиги бойынша илимий мийнетлеринде қунлы пикирлерин билдирип өтеди.

Дәстанның тағы бир вариантлық айырмашылығы, ол миллий мийрас руўхый мүлк дәрежесинде өз исине қызыққан, дәстан жазып алыўдың технологиялық усылларын билетуғын қәнийге тәрепинен жазылып алынған. Мәселен, сюжетлердиң ҳәм эпизодлардың арнаўлы бапларға бөлинип берилиўи (жәми 23 бап), архаизм сөзлердиң жийи пайдаланылыўы, сюжетлердеги анықлық, баянлаўлардағы ҳәм тәрийиплеўлердеги қысқалық бәри-бәри жазып алыўшы тәрепинен жыраўдың дөретиўшилик қәбилетлериниң жоқарылылығын дәлийллеўши, жыраў менен өз ара қолайлы мүнәсибетте ис алып барғанлығының айқын нәтийжелери болып табылады. Қ.Айымбетов Ерполат жыраўдан «Едиге» дәстанын жазып алыўдағы өзиниң еске түсириўлеринде «Жазған ўақытта қобыз бенен жырлайтуғын жырды қара сөз бенен аўыз еки айттырып жазыў қыйын болды.Жыраў қобыз бенен жырлағанда жырдың сөзлериниң уйқасы келип жырлана береди. Ол қобызды қойып, аўыз еки айтқанда уйқасығын келистире алмай, көп қыйыншылық пенен айтып берип отырды» деген еди.

Қаллы Айымбетов жазып алған «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантының жазып алынған туп нусқа дәрежесиндеги текстлери тийкарынан еки орында сақланады. Солардың бири Қарақалпақстан Республикасының тарийх ҳәм үлке таныў музейинде 2265-инвентарь номери менен 21-том, 2293-инвентарь номери менен 23-том (араб алфавитинде) деген көрсеткиш санлар арқалы сақланады. Қол жазбаның Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң китапханасының қол жазбалар фондында орын алған нусқалары Р-108, 1090 ҳәм

Р-108, 3436 инвентарь санлары менен миллий руўхый қәдириятларымыздың бир үлгиси сыпатында мәмлекетлик мүлкке айландырылған.

Дәстанның усы сақлаўлы турған текстлери тийкарында Өгиз жыраў варианты бир неше мартебе өз алдына китап болып, баспа жүзин көрди. Оларды бир-бири менен салыстырып қарағанымызда айтарлықтай өзгешелик сезилмеди. Жазылып алынған қол жазба толығы менен (айырым орынлардағы қысқартыў, қосыўларды есапқа алмағанда) жиберилип, орфографиялық ҳәм мәнилик жақтан елеспесиз дүзетиўлер енгизилген.

**Әдебиятлар:**


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 88-бет.
2. «Алпамыс» Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 6-бет.
3. «Алпамыс» Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық, I-том, Нөкис, «Қарақалпақстан», 2007, 4-бет.
4. Дәўқараев: Шығармаларының толық жыйнағы, 2-том, «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1977-жыл, 236-бет.
5. Диваев А. Сборник материалов для статистики Сырдарьинской области. -Ташкент: 1902. Т.Х. –41 б.
6. Дәўқараев: Шығармаларының толық жыйнағы, 2-том, «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1977-жыл, 235-бет.
7. Дәўқараев: Шығармаларының толық жыйнағы, 2-том, «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1977-жыл, 261-бет.
8. Сағитов.И.Т «Қорақалпоқ халқ эпоси «Алпомис»га характеристика». Тошкент, «Шарқ Юлдузи»,1957-2, 131-б.
9. Мақсетов Қ.М. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. -Ташкент: Фан, 1965. –334 б.
10. Бахадырова С. Өгиз жыраўдың «Алпамыс» дәстаны ҳаққында //ӨзРИА ҚБ Хабаршысы. –1990. –№3, –105 б;
11. Хошниязов Ж. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Алпамыс». –Нөкис: Билим, 1992.
12. Едиге. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990-ж. 11-б.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада «Алпамыс» достонининг Өгиз жиров вариантининг тўпланиши ва жорий этилиши ҳақида баён этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описываются сбор и публикация версии эпоса «Алпамыс» в варианте Огиз Жырау.

**SUMMARY**

The article describes the collection and publication of the epic "Alpamys" version of Ogiz Zhyrau.